



Pou Piblikasyon Imedya: 27/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PREMYE PRIM FON ENVESTISMAN LONG ISLAND  
KI KOUTE 10 MILYON DOLA POU FEINSTEIN INSTITUTES POU RECHÈCH  
MEDIKAL**

*Finansman LIIF plis investisman Eta a reprezante 40 milyon dola pou elaji  
ekonomi syans lavi yo nan Long Island*

*60,000 pye kare konbine espas transfòme sipòte rechèch medikal ak maladi  
kontajye*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 350 milyon dola [Fon Investisman Long Island](#) (Long Island Investment Fund) te bay premye sibvansyon li a nan [Enstiti Feinstein pou Rechèch Medikal](#) (The Feinstein Institute for Medical Research) pou konstwi nouvo laboratwa modèn ki mezire 40,000 pye kare pou sipòte rechèch medikal ak maladi kontajye. Sibvansyon 10 milyon dola Fon Investisman Long Island lan konplete yon lòt 30 milyon dola nan sipò Eta a te bay Feinstein Institutes anvan pou modènize [Enstiti Medsin Byoelektwonik li a](#) ki mezire 20,000 pye kare, ke Gouvènè Hochul te ouvri jodi a. Asistans Eta New York fè pati yon efò modènizasyon 85 milyon dola nan Enstiti Feinstein pou Rechèch Medikal nan Manhasset, Konte Nassau, ak yon inisyativ pi laj pou mete aksan sou endistri syans lavi k ap grandi nan Long Island lan. Feinstein Institutes se bra rechèch Northwell Health epi li se youn nan laboratwa ak sant rechèch k ap mennen nan peyi a, k ap fè etid dènnye kri k ap chèche geri maladi yo.

New York ap trase wout la nan inovasyon medikal, epi Fon Investisman Long Island lan pral sipòte rechèch k ap sove lavi nan endistri syans lavi modèn lan. **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman nou an nan Enstiti Medsin Byoelektwonik la deja amelyore lavi Nouyòkè chak jou yo, epi prim anplis Fon Investisman Long Island lan te anonse jodi a reyafime angajman nou pou nou rete yon lidè nasyonal nan domèn sante ak rechèch medikal. Mwen fyè pou m sipòte Feinstein Institutes ak rechèch pa yo, ki pral mennen nan medikaman ak tretman k ap chanje lavi ki pral amelyore lavi Nouyòkè yo nan Long Island ak atravè Eta a".

Enkli kòm yon pati nan Bidjè Gouvènè Hochul pou Ane Fiskal 2023, Fon Investisman Long Island la pral konsantre sou pwojè ki pral sipòte epi devlope ekonomi rejyonal la, amelyore kominote yo, epi ki gen enpak ekonomik dirab atravè Long Island. Prim 10 milyon dola Fon pou Enstiti Feinstein pou Rechèch Medikal la pral sipòte renovasyon ak

konstriksyon 26 nouvo laboratwa rechèch modèn sou de etaj ansanm ak anbochaj 10 nouvo envestigatè prensipal ak 60 anplwaye rechèch. Laboratwa modènize sa yo pral avanse efò rechèch pou devlope nouvo terapi pou kansè, dyabèt, obezite, lipis (enflamasyon po), ak lòt kondisyon yo

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Fon Envestisman Long Island lan reprezante yon investisman estratejik pou amelyore rejyon an dacantaj kòm yon puisans pou endistri syans lavi yo, ki se yon motè enpòtan nan ekonomi Eta New York la. Feinstein Institutes jwe yon wòl enpòtan nan dekouvèt medikal ak terapi ki ka chanje lavi ki kapab amelyore lavi chak jou nou. ESD fyè pou l sipòte kwasans konpayi syans lavi vizyonè yo tankou Feinstein Institutes, ke travay li enpòtan anpil pou konstwi yon Empire State ki pi an sante ak pi solid."

**Prezidan Konsèy Empire State Development lan, Kevin Law, te deklare,** "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, New York ap fè investisman entelijan pou katalize kwasans ekonomik nan Long Island. Fon Envestisman Long Island lan pral ede rejyon an pwospere epi ranfòse lidèchip New York nan ekonomi inovasyon mondyal la. Prim 10 milyon dola Fon an bay Feinstein Institutes reyafime angajman nou an vè ekosistèm syans lavi k ap grandi ki pral sipòte avansman dekouvèt medikal k ap chanje jwèt yo."

The Feinstein Institutes se kay syantifik mondyal medsin byoelektwonik, yon domèn syantifik k ap grandi ki sèvi ak teknoloji pou li ak modile aktivite elektrik nan sistèm nève kò a. Nouvo laboratwa modènize nan Enstiti Medsin Byoelektwonik yo pral sipòte dekouvèt pou jwenn tretman ki pral diminye bezwen pou dwòg, diminye efè segondè ki fè mal, epi re-bay lavi ak moun ki ap souffri. Dekouvèt bonè yo te emèje nan laboratwa li yo, ouvè nouvo opsyon tretman pou pasyan ki gen maladi tankou atriit rimatoyid, dyabèt, paralizi, e menm kansè. Etid klinik nan medsin byoelektwonik lan te deja bay rezilta ak moun ki paralize: dènye rechèch ki itilize yon patch pou estimilasyon mwal epinyè sou po a te pèmèt patisipan yo reprann kapasite yo pou yo deplase ak jwenn sansasyon yo.

Renovasyon Enstiti Medsin Byoelektwonik la gen ladan espas ban laboratwa imid, plizyè chanm kilti ki gen plizyè tisi, chanm fwad, estasyon travay pou chèchè yo, ak yon nouvo etablisman Byosekirite Nivo 3 pou pèmèt nouvo rechèch sou maladi kontajye ak lòt viris konplèks, tankou COVID-19. Ekspansyon an sipòte tou anbochaj 13 nouvo envestigatè prensipal ak 100 nouvo anplwaye rechèch.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Feinstein Institutes la, Doktè Kevin Tracey, te deklare,** "Nan Feinstein Institutes, pwogrè syantifik fèt chak jou. Avèk enstalasyon ak zouti apwopriye yo, nou ka ede avanse pwogrè sa a pi lwen toujou. Nou rekonesan an vè Gouvènè a ak Empire State Development pou finansman yo nan nouvo espas nou an, epi nou espere kontinye rechèch medikal revolisyonè nou an ki pral benefisye kominote Long Island nou yo ak odela."

**Michael Dowling, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Northwell Health la, te deklare,** "Nouvo etablisman sa a ak resous li yo, ki rive posib pa Gouvènè Hochul ak

Empire State Development, pral pèmèt chèchè nou yo nan The Feinstein Institutes - ki se kay rechèch Northwell ak kay syantifik mondyal pou medsin byoelektwonik - pouswiv misyon yo pou yo dekouvri nouvo tretman pou geri maladi ak amelyore sante kominote nou sèvi yo."

Long Island nan premye liy endistri syans lavi yo kòm nouvo rechèch ak dekouvèt nan medsin byoelektwonik - yon nouvo domèn syantifik ki fèt ak elve nan Long Island - pral atire chèchè ki pi bon ak pi briyan ak patnè estratejik mondyal yo pou kreye tretman ki kapab transfòme lavi. Endistri syans lavi yo vin tounen yon motè pisan pou kwasans ekonomik ak inovasyon pou New York, sa ki fè rejyon kle Eta yo tounen sant syans lavi dinamik. Envesti nan syans lavi yo enpòtan anpil pou idantifye pwochen revolisyon syantifik oswa medikal ki pral devlope nouvo teknoloji pou sove lavi. Atravè sipò li nan kwasans Feinstein Institutes, New York ap agrandi kapasite li pou li komèsyalize rechèch ak ankouraje kwasans yon endistri syans lavi klas mondyal nan Long Island ak atravè Eta a.

**Ko-prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Long Island (Long Island Regional Economic Development Council, LIREDC) la ki se Linda Armyn, Direktè Estrateji ak Maketing Egzekitif nan Bethpage Federal Credit Union, ak Doktè John Nader, Prezidan Farmingdale State College te deklare,** "Envestisman New York nan ekspansyon endistri syans lavi yo nan Long Island demontre angajman Gouvènè Hochul pou sipòte rechèch syantifik enpòtan k ap ede Nouyòkè yo chak jou. Avèk premye prim sa a nan kad Fon Envestisman Long Island, LIREDC fyè pou li sipòte Enstiti Feinstein pou Rechèch Medikal ak tretman dènye kri yo ak solisyon ki vize a amelyore ak sove lavi."

**Senatè Eta Anna M. Kaplan, te deklare,** "Gras a envestisman entelijan Eta New York an patenarya ak sektè prive a, endistri syans lavi Long Island lan ap grandi ak pwospere, pote gwo travay nan kominote nou an, epi mennen inovasyon ki pral fè mond nou an yon pi bon kote. Mwen te goumen pou Fon Envestisman Long Island lan enkli nan bidjè eta ane sa a paske nou bezwen kontinye fè envestisman entelijan nan kominote nou an ki bati sou anpil fòs nou yo epi ki fè rejyon nou an pi atiran pou envestisè prive ak kreyatè djòb yo pou yo enstale yo epi elaji operasyon yo lokalman. Mwen kontan dèske, gras ak fon sa a, Enstiti Feinstein pou Rechèch Medikal mondyal la isit la menm nan Manhasset pral kapab modènize Enstiti Medsin Byoelektwonik yo k ap fè travay enkwayab pou trete maladi ak chanje mond lan."

**Manm Asanble, Gina L. Sillitti te deklare,** "Sant Medsin Byoelektwonik Enstiti Feinstein pou Rechèch Medikal la gen yon renome mondyal pou kontribisyon li yo nan kominote medikal la ak nan dirije domèn nan apwòch li yo nan fason nou kontinye trete pasyan yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li pa sèlman defann envestisman enpòtan sa a nan kominote nou an men tou pou ede asire Long Island kontinye vin yon lidè nan endistri rechèch medikal la."

**Envesti nan Avni Long Island**

Sibvansyon 10 milyon dola Fon Envestisman Long Island lan yo te anonse jodi a konplete inisyativ istorik ak envestisman pou Long Island:

- Envestisman 157 milyon dola -- repave 483 km liy otowout eta yo jiska prezan.
- Plis pase 457 milyon dola pou èd lekòl - yon ogmantasyon 12.7 pousan konpare ak ane fiskal 2022.
- 63 milyon dola pou sèvis tretman, rekiperasyon ak prevansyon kont adiksyon.
- Kredi Rabè Fiskal la pou Pwopriyetè Kay la, ak yon avantaj mwayèn 1,300 dola pou 494,000 pwopriyetè kay nan Long Island.
- 500 milyon dola pou devlope enfrastrikti enèji ewolyèn olaj zòn kot ak chèn apwovizyonman New York la - finalman k ap kreye plis pase 2,000 djòb vèt.
- Konplete pwojè Twazyèm Vwa istorik Wout Ray Long Island (Long Island Rail Road LIRR) lan, sa ki pèmèt tren yo kouri pi souvan epi kreye yon vwayaj ki pi fasil pou vwayajè LIRR yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418